

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa salasihiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén métode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan maké métode deskriptif analisis. Moleong (2011, kc. 6) nétélakeun yén pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu miboga maksud pikeun maham hiji fénoména anu geus kaalaman ku pangarang sarta didéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa. Nurutkeun Fathoni (2006, kc. 99) métode deskriptif nyaéta métode anu miboga udagan pikeun ngagambarkeun masalah nu keur disanghareupan, ku cara nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, anu satuluyna nyieun kacindekan. Sedengkeun, métode déskriptif analisis mangrupa métode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan nu aktual ku cara ngumpulkeun data, ngadéskripsikeun data, sarta nganalisis data (Maryati, 2014, kc. 56).

Ieu pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif analisis téh, dipaké pikeun ngadéskripsikeun struktural jeung ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko.

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan kayaning: 1) desain panalungtikan, 2) sumber data panalungtikan, 3) biografi singget panyanggi 4) téhnik ngumpulkeun data, 5) téhnik ngolah data, jeung 6) instrumén panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Sukardi (2004, kc. 184) desain panalungtikan minangka hiji rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis data, nepi ka ngahasilkeun data nu hadé. Lian ti éta, désain panalungtikan miboga udagan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun hiji

Noval Mohammad Safari, 2019


RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan, nu dimimitian ku nangtukeun masalah, ngarumuskeun masalah, talaah pustaka, ngumpulkeun data ngagunakeun kartu data, ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar pamarekan anu digunakeun, sarta dipungkas ku nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan mangrupa subjék data nu dicangking (Arikunto, 2013, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko. Aya 13 (tilu belas) judul kawih nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

Tabél 3.1
Data Rumpaka Kawih Sunda Islami

No	Judul Kawih	Laras	Kode Rumpaka
1.	Kembang Balébat	Madenda 4=P	SI/M/01
2.	Kudu ka Saha	Madenda 4=P	SI/M/02
3.	Sukur	Madenda 4=T	SI/M/03
4.	Shalawat Bani Hasyim	Madenda 4=T	SI/M/04
5.	Al-iman	Madenda 4=T	SI/M/05
6.	Lebaran	Pélog 1=T	SI/P/06
7.	Ajilu	Degung 1=T	SI/D/07
8.	Hamdan	Madenda 4=T	SI/M/08
9.	Adzan	Madenda 4=T	SI/M/09
10.	Kaom Muslim	Pélog 1=T	SI/P/10
11.	Papastén	Pélog 1=T	SI/P/11
12.	Hirup	Madenda 4=T	SI/M/12
13.	Pamuka	Madenda 4=T	SI/M/13

3.3 Biografi Singget Panyanggi

Haji Koko Koswara atawa miboga landian Mang koko mangrupa anak tunggal ti pasangan Moch Ibrahim Sumarta, (katurunan ménak Sumedang) jeung Siti Hasanah nu asalna ti masarakat biasa. Kaayaan ékonomi Mang Koko harita kaasup kulawarga anu beunghar. Getih seni nu ngalir di diri Mang Koko nurun ti bapana, anu mangrupa tokoh seni Cianjuran nu museur dina widang vokal.

Mang Koko lahir di Indihiang Tasikmalaya, Jawa Barat ping 24 Nopémber 1915. Manéhna lahir sacara prématur (genep bulan dina kandungan indungna). Mang Koko ti leuleutik geus resep kana seni, kalawan dideudeul ku ékonomi kulawargana anu kawilang sagala boga, naon waé pakakas seni nu dipikahayangna teu weléh dicumponan. Ku kituna, di imahna aya sawatara pakakas seni saperti suling, kacapi, gitar, biola, jsb. Ku kauletanana, neuleuman seni dina waktu nu lumayan lila, antukna

Noval Mohammad Safari, 2019

RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mang Koko ngajanggélék jadi seniman anu boga ciri mandiri nyaéta kawih wanda anyar.

Geus jadi tradisi Mang Koko ti leuleutik tara katinggaleun solat berjamaah di masjid, malahan manéhna jadi muadzin jeung sok maca Al-qur'an qobla (saacan) solat subuh di masjid agung Indihiang. Ku kabiasaan adzan jeung maca qur'an di masjid, sacara teu langsung ngajadikeun sora Mang Koko kaolah sarta dina hal vokal Mang Koko boga ciri has anu hadé.

Dina taun 1937, Mang Koko ngamimitian gawé salaku karyawan di Paguyuban Pasundan Tasikmalaya, bagéan pendidikan. Dua taun ti harita Mang Koko pindah gawé ka Paguyuban Pasundan Bandung. Tapi kakara sataun, Mang koko kalah milih gawé di Bank *De javasche Bank*. Harita waktu jaman datangna Jepang ka Indonesia taun 1942 Mang Koko pindah gawé deui jadi *adverténsi* (iklan) di *Harian Cahaya Shimbun* nepi ka taun 1945. Sanggeus Indonesia merdeka, Mang Koko digawé deui salaku adminisator *Harian Suara Merdeka* Bandung. Waktu jaman révolusi, *Harian Suara Merdeka* Bandung saporakanca ngungsi ka Tasikmalaya. Ieu hal téh keur Mang Koko mah sarua jeung balik kampung.

Kegiatan dina widang seni teu kungsi leupas ti diri Mang Koko boh keur di Bandung boh keur di lemburna. Sanggeus kaayaan aman, Mang Koko balik deui ka Bandung ti taun 1950 nepi ka 1961. Mang Koko gawé di jawatan penerangan Provinsi Jawa Barat. Ku alpukahna jawatan penerangan, ngaran Mang Koko beuki nyongcolang di masarakat umum dina widang kasenian.

Gawé rancagé dina widang seni jadi pangirut pikeun masarakat, sanggeus Mang Koko ngajar di KOKAR (Konservatori Karawitan) atawa SMKI (Sekolah Menengah Karawitan Indonesia) anu ayeuna jadi SMK Negeri 10 Bandung. Manéhna ngajar di KOKAR taun 1961 nepi ka 1972, malahan salila genep taun Mang Koko nu jadi direkturna (Ruswandi, 2017, kc. 1-4).

Anapon karya lagu-lagu Sunda ciptaan Mang Koko anu dikumpulkeun sarta dijadikeun buku di antarana.

- 1) *Resep Mamaos* (1948)

Noval Mohammad Safari, 2019

RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) *Cangkurileung* (1952)
- 3) *Ganda Mekar* (1970)
- 4) *Bincarung* (1970)
- 5) *Pangajaran Kacapi* (1973)
- 6) *Seni Swara Sunda/Pupuh* (1984)
- 7) *Sekar Mayang* (1984)
- 8) *Layeutan Swara* (1984)
- 9) *Béntang Sulintang/Lagu-lagu Perjuangan*; jst.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 85) téhnik talaah pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah eusi téks nu geus aya patula-patalina jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Nyetél album kawih sanggian Mang Koko.
- 2) Ngadéngékeun sarta ditranskripsi.
- 3) Nyirian sarta méré tanda bagéan-bagéan rumpaka kawih anu patali jeung panalungtikan.
- 4) Nyalin kana kartu data.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis. Ngaliwatan téhnik analisis ieu, dipiharep analisis struktur jeung ajén atikan dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko bisa didéskripsikeun kalayan jéntré. Dina ieu panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nganalisis struktur rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko.

Noval Mohammad Safari, 2019

**RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN
ATIKAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Ngainterprétasi data hasil analisis struktur.
- 3) Nganalisis ajén atikan anu aya dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggihan Mang Koko.
- 4) Ngainterprétasi data hasil analisis ajén atikan.
- 5) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis struktur jeung ajén sosial.
- 6) Matalikeun objék anu geus ditalungtik jeung pangajaran kawih kelas VIII.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa salasihiji pakakas anu digunakeun pikeun milah-milah data anu dibutuhkeun. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 192) anu nétélakeun yén instrumén nyaéta alat pikeun mantuan panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data.

a. Kartu Data

Kartu data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan gampang dina prosés nganalisis datana. Kartu data baris digambarkeun saperti ieu di handap.

1) Struktur Rumpaka

Tabél 3.2
Data Struktur Rumpaka Kawih

STRUKTUR RUMPAKA	
Kode Rumpaka	:
Imaji	:
Simbul/lambang	:
Musikalitas/ wirahma:	
Suasana	:
Tema	:
Gaya basa	:

2) Analisis Ajén Atikan


Tabél 3.3
Data Analisis Ajén Atikan

Ajén Moral	Ajén Sosial	Ajén Agama
-------------------	--------------------	-------------------

Noval Mohammad Safari, 2019

RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Noval Mohammad Safari, 2019

*RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN
ATIKAN)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu